

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang**

Prosés diajar-ngajar mangrupa kagiatan anu penting dina pangajaran nulis karangan éksposisi, lantaran ngaliwatan kagiatan diajar, siswa diperedih sangkan robah pangaweruhna, kaparigelanna, jeung sikep kana nulis karanganna jadi leuwih hadé. Ieu hal mangrupa hakékat diajar, sedengkeun tujuanana diajar nya éta pikeun ngarobah paripolah, pangaweruh, jeung sikep tinu goréng ka nu leuwih alus. Lumangsungna prosés diajar-ngajar dipangaruhan ogé ku stratégi pangajaran. Dina prosés diajar-ngajar henteu guru jeung murid wungkul, tapi kudu aya komponén séjén di antarana modél ngajar. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Syaiful Bahri & Aswan Zain (2002:48), anu nyebutkeun komponén-komponén pangajaran éta ngawengku guru jeung murid minangka subyéék diajar, tujuan anu hayang kahontal, bahan ajar, métode, téknik jeung modél diajar, alat jeung sarana, sumber palajaran sarta évaluasi.

Dina kurikulum KTSP, pangajaran basa Sunda di SMP ngawengku opat kaparigelan basa, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Tina opat kaparigelan basa éta, guru kudu ngajarkeun ka siswa kalayan bobot nu saimbang, sok sanajan kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan anu paling hésé dicangking ku siswa dibandingkeun jeung anu séjénna. Saupama ningali fakta di SMP Pasundan 6 Bandung kelas VII dina waktu ngajar ngeunaan nulis hiji karangan, ampir unggal siswa karanganna loba anu teu puguh (teu sistematis), kalayan maksud jeung tujuan siswa anu ditulisna teu kaharti. Fakta ieu luyu jeung

pamanggih Rivers anu ditulis deui ku Iskandarwassid (2004:156), umumna jalma déwasa diperkirakeun ngagunakeun waktuna pikeun ngaregepkeun 45%, nyarita 30%, maca 16%, jeung nulis 9%, anu sok dilaksanakeun dina aktivitas komunikasi sapopoéna, tapi dina prak-prakan pangajaran mah dipiharep opat aspék kaparigelan basa éta porsina saimbang.

Dina pangajaran basa Sunda, nulis mangrupa salasahiji kaparigelan anu kudu dicangking ku siswa. Ku ayana éta hal, siswa dipiharep sangkan parigel dina nulis hiji karangan, hususna dina nulis karangan éksposisi.

Kaayaan siswa kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung, loba kénéh siswana nu teu parigel dina nulis hiji karangan éksposisi. Hasil karanganana loba kénéh nu teu sistematis antar kalimah atawa antar alinéa. Salian ti éta, siswa hésé dina néangan ide atawa imajinasi dina waktu nulis hiji karangan éksposisi. Ku ayana kurangna imajinasi, siswa jadi teu bisa mekarkeun hiji karangan kalawan jembar. Ieu hal disababkeun ku sababaraha faktor, anu kahiji kurang parigelna siswa dina ngawasa basa Sunda, anu kadua kurangna kabeungharan kecap basa Sunda, anu katilu kurangna imajinasi atawa ide dina waktu nulis hiji karangan lantaran pikiranana teu dirangsang heula, anu kaopat modél pangajaran nu digunakeun ku guru pikeun ngarangsang ide siswa teu menarik, jeung variatif. Hal ieu nu ngajadikeun siswa pasif dina nulis hiji karangan éksposisi. Ku kituna, pamadegan River téh saluyu jeung kanyataan nu ngaklasifikasikeun perséntase nulis aya dina perséntase anu pangsaeutikna

Dumasar kana fakta di luhur, sakuduna guru kréatif dina waktu ngajar di kelas. Ulah ngansaukur nerangkeun kalawan saarah ka siswa, tapi kudu bisa

ngarangsang ide siswa sangkan imajinasi siswa leuwih mekar, anu ahirna bisa meunangkeun ide-ide anu loba pikeun ditulis dina wangun kalimah. Cara éta bisa dilaksanakeun ku cara nerapkeun hiji modél pangajaran dina waktu ngajar di kelas. Tangtuna modél pangajaran nu dipaké di kelas kudu anu bener-bener kauji, lantaran modél pangajaran nu dilarapkeun kudu bisa ngamotivasi siswa jeung bisa nungtun siswa, sangkan siswa leuwih gampang dina meunangkeun ide-ide anu loba dina waktu saméméh nulis karangan éksposisi.

Modél pangajaran basa loba rupana, salasahiji tina modél pangajaran basanya éta modél pangajaran *Konstruktivisme*. Modél pangajaran *Konstruktivisme* mangrupa hiji modél pangajaran pikeun pangajaran nulis anu intina ngawangun ide-ide siswa saloba-lobana sangkan dina waktuna prak nulis teu beakeun ide. Nilik kana éta hal, modél pangajaran konstruktivisme dianggap cocog pikeun pangajaran nulis karangan éksposisi di kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung. Ku kituna, panalungtik medar ngeunaan Kaéfektipan modél pangajaran *Konstruktivisme* dina nulis karangan éksposisi di kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung.

Panalungtikan anu geus dilaksanakeun ngeunaan nulis karangan éksposisi anu kacatet di Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah UPI Bandung nepi ka taun 2010, nya éta *Éféktivitas Modél Pangajaran Complete Sentence jeung Media Gambar dina Nulis Karangan Eksposisi ku Susi Hamidah, Pangajaran Nulis karangan Éksposisi Ngagunakeun Téhnik Urun Rempug ka Siswa Kelas VII SMPN 1 Karangnunggal Taun Ajaran 2007/2008 ku Ina Supartia, Modél Pangajaran Picture and Picture dina Nulis Karangan Éksposisi Siswa SMPN 15*

*Bandung ku Nurbaeti. Nilik kana éta hal modél pangajaran konstruktivisme acan diujicobakeun pikeun nulis karangan éksposisi di SMP. Sanggeus nimbang-nimbang sababaraha hal tina kajadian anu aya dilapangan jeung fakta literatur anu aya, ahirna dilaksanakeun panalungtikan anu judulna *Éfektivitas Modél Pangajaran Konstruktivisme dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi (Studi Kuasi Éksperimen ka Siswa Kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung Taun Ajaran 2010/2011)**

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Ku lantaran pangajaran nulis loba rupana, panalungtikan ieu diwatesanan wengkuanana, sangkan ambahanana teu lega teuing kalawan disaluyukkeun jeung kamampuh anu nyusun. Panalungtikan ieu museur kana kagiatan pangajaran nulis karangan éksposisi ngaliwatan modél pangajaran *Konstruktivisme* di kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh siswa kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung dina nulis karangan éksposisi saméméh ngagunakeun modél pangajaran konstruktivisme?
- b. Naha ngaronjat kalayan signifikan atawa henteu siswa kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung dina nulis karangan éksposisi sanggeus ngagunakeun modél pangajaran konstruktivisme?
- c. Naha modél pangajaran konstruktivisme éfektif pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, sacara umum tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaronjatkeun kaparigelan nulis, anu ahirna bisa numuwuhkeun rasa kareueus kana basa Sunda jeung bisa mekarkeun basa Sunda ngaliwatan media tulisan.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun:

- a. Kamampuh siswa kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung dina nulis karangan éksposisi saméméh ngagunakeun modél pangajaran konstruktivisme;
- b. Kamampuh siswa kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung dina nulis karangan éksposisi sanggeus ngagunakeun modél pangajaran konstruktivisme;
- c. Kaéfektifan modél pangajaran konstruktivisme pikeun pangajaran nulis karangan éksposisi di kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung;

### 1.4 Manfaat Panalungtikan

#### 1.4.1 Manfaat Tioritis

Sacara tioritis mangpaat ieu panalungtikan nya éta pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran anu hadé dina pangajaran nulis karangan éksposisi. Salian ti éta, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun dijadikeun hiji bahan literatur pangajaran di sakola, anu tujuanana pikeun ngaronjatkeun kaparigelan siswa dina nulis karangan éksposisi. Anu ahirna siswa miboga kaparigelan nu leuwih dina nulis karangan éksposisi.

### 1.4.2 Manfaat Praktis

Salian ti manfaat teoritis, ieu panalungtikan miboga manfaat praktis di antarana:

- a. Pikeun dijadikeun bahan tinimbangan guru dina waktu ngajar di kelas, sangkan guru dina ngajarna teu ngansaukur ngagunakeun modél ceramah waé.
- b. Bisa ngaronjatkeun nulis karangan éksposisi jeung bisa nambahan pangaweruh siswa.
- c. Bisa ngalarapkeun modél pangajaran anu luyu jeung pangajaran nulis karangan éksposisi.

### 1.5 Sumber Data

Dina hiji panalungtikan tangtuna kudu aya sumber data anu dijadikeun obyék panalungtikan. Sumber data mangrupa hal nu kalintang penting dina hiji panalungtikan, lantaran saupama sumber datana teu jelas, tujuan panalungtikan moal kahontal.

Dumasar kana éta hal, nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nya éta kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung anu lokasina aya di Jalan Sumatra Nomer 414 Bandung. Jumlah siswa kelas VII-B aya 30 urang anu ngawengku 16 urang awéwé jeung 14 urang lalaki.

## 1.6 Anggapan Dasar jeung Hipotesis

### 1.6.1 Anggapan Dasar

Ieu panalungtikan miboga anggapan dasar:

- 1) Nulis mangrupa hiji kaparigelan anu kudu dicangking ku siswa, sok sanajan dina kanyataanana nulis téh mangrupa kaparigelan basa anu rada hésé dibandingkeun jeung anu séjénna (maca, nyarita, jeung ngaregepkeun).
- 2) Nulis mangrupa hiji pangajaran tina bagian Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) di SMP.
- 3) Salian ti guru, cara ngajar, jeung konsép, modél pangajaran ogé nangtukeun kahontal henteuna tujuan pangajaran. Ku ayana modél pangajaran dipiharep siswa diajar leuwih resep jeung leuwih rame.
- 4) Modél pangajaran konstruktivisme bisa diterapkeun dina pangajaran nulis hiji karangan éksposisi boh dina basa Sunda boh basa Indonesia.

### 1.7.2 Hipotesis

Tina ieu panalungtikan lamun ditilik tina kategori rumusanana, bisa dirumuskeun saperti ieu di handap:

- 1) ( $H_a$ ), aya béda anu signifikan antara hasil pratés jeung postés siswa kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran konstruktivisme.
- 2) ( $H_o$ ), Teu aya béda anu signifikan kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran konstruktivisme.



## **1.8 Metode jeung Téknik Panalungtikan**

### **1.8.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode *kuasi ékspérimén*. Tujuanana pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi saméméh ngagunakeun modél pangajaran konstruktivisme, jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran konstruktivisme.

### **1.8.2 Téknik Panalungtikan**

Sangkan data kakumpulkeun kalayan valid tangtuna perlu dilaksanakeun téknik panalungtikan. Téknik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téknik tés nyieun karangan éksposisi.

